

Enfòmasyon konsènan reklamasyon

Si ou te pèdi machandiz poutèt yon blakawout, ou kapab depoze yon reklamasyon ba Con Edison. Pou fè yon demann, oudwe swa ranpli yon fòm reklamasyon oswa ou dwe ekri yon lèt anvan 30 jou fin pase depi blakawout la te rive.

Malerezman, Con Edison pa kapab founi okenn ranbousman pou pèt yon moun sibi poutèt blakawout lorja te lakòz.

Kliyan rezidansyèl yo :

- Ou kapab fè yon reklamasyon jiska \$450 maksimòm pou pèt manje ki te gate poutèt frijidè a pa t mache.
 - Reklamasyon pou manje jiska \$200 dwe vini avèk yon lis kote chak atik byen make.
 - Reklamasyon pou manje pou plis pase \$200 dwe vini avèk yon lis ki endike chak atik ansanm ak prèv ou te pèdi bagay sa yo (pa egzanp: woulo papyè ki soti nan kès, resi magazen oswa kat kredi, chèk ki anile oswa foto atik ki te vin gate yo).
 - Epitou, ou kapab fè yon reklamasyon pou pèt reyèl medikaman sou òdonans, ki gate poutèt frijidè a pa t mache.
 - Ou dwe mete yon lis ki endike chak atik ansanm ak prèv ou te pèdi bagay sa yo (pa egzanp: etikèt òdonans famasi oswa resi famasi ki idantifye medikaman an).
 - Nou kapab mande tou yon otorizasyon pou pèmèt Con Edison verifye pèt medikaman avèk òdonans lan.
 - Ranbousman pou medikaman ak preskripsyon pa fè pati \$450 maksimòm yo poutèt manje ki gate.
 - Ou dwe fè reklamasyon yo anvan 30 jou fin pase depi blakawout la fini.
 - Ranbousman yon konsènan sèlman manje ak medikaman ki gate epi li dwe respekte anèks konsènan to elektrik Con Edison.
 - Nou pa p ranbouse okenn pèt poutèt domaj motè, ekipman oswa aparèy te sibi selon anèks konsènan to elektrik lan.
- [Fòm pou reklamasyon rezidansyèl](#) (W ap bezwen [Adobe Acrobat Reader](#) pou kapab gade oswa enprime fòm sa a.)

Kliyan kòmèsyal :

- Ou kapab fè yon reklamasyon jiska \$9 000 maksimòm pou pèt machandiz ki kapab gate epi ki te gate poutèt frijidè a pa t mache.
 - Reklamasyon yo dwe genyen yon lis ki endike chak atik ansanm ak prèv ou te pèdi bagay sa yo:
 - Ou dwe fè reklamasyon yo anvan 30 jou fin pase depi blakawout la fini.
 - Ranbousman konsènan sèlman machandiz perisab ki vin gate.
 - Nou pa p ranbouse okenn pèt poutèt domaj motè, ekipman oswa aparèy te sibi selon anèks konsènan to elektrik lan.
- [Fòm pou reklamasyon komèsyal](#) (W ap bezwen [Adobe Acrobat Reader](#) pou kapab gade oswa enprime fòm sa a.)

Con Edison pral egzamine chak reklamasyon li resevwa. Pou Con Edison deside onore yon reklamasyon epi peye montan an, sa va depann dives faktè ak sikonstans nan blakawout la ansanm ak ki kalite domaj ki te rive. Con Edison pral konsidere reklamasyon yo si pèt la te rive poutèt yon pann sistèm distribisyon local la ki te dire omwen 12è dtan pandan yon peryòd 24è. Malerezman, Con Edison pa p onore reklamasyon ki konsènan pèt moun te sibi poutèt blakawout akòz kondisyon Con Edison pa kapab kontwole, tankou loraj, inondasyon, vandalism, grèv oswa dife oubyen aksidan ki pa gen pou wè ak enstalasyon nou yo. Ranbousman an dwe respekte kondisyon [Anèks to elektrik Con Edison](#).